



Pou Piblikasyon Imedya: 25/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SISPANSYON FÈMTI VWA KI GEN RAPÒ AK KONSTRIKSYON YO PANDAN WIKENN JOUNEN MEMORYAL LA**

***Fèmti liy yo sispann soti vandredi 26 me a 6 a.m. rive madi 30 me a 6 a.m.***

***Y ap egzòte otomobilis yo pou yo ralanti epi mete yo sou kote pou veyikil depanaj dijans ak veyikil antretyen woutyè yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo pral sispann tanporèman fèmti vwa pou pwojè konstriksyon wout ak pon sou otowout Eta New York yo apati 6 a.m. nan vandredi 26 me pou rive 6 a.m. nan madi 30 me pou fasiliye vwayaj pandan tout wikenn fèt Jounen Komemoratif (Memorial Day) la.

"Jounen Memoryal la make kòmansman sezon ete a yon fason ki pa ofisyèl, epi Nouyòkè yo atravè eta a pral pran wout la pou yo jwi tan ak zanmi ak fanmi yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "N ap sispann konstriksyon sou wout eta a pou ede fasilite sikilasyon epi asire ke tout moun kapab rive nan destinasyon yo san danje epi ak minimòm reta. Mwen ankouraje tout moun k ap vwayaje nan wikenn sa a pou jwe wòl pa yo nan planifye alavans epi kondwi yon fason responsab."

Chofè yo dwe okouran ke kèk travay ka kontinye dèyè baryè beton pèmanan oswa pou reparasyon ijans. Sispansyon konstriksyon yo aliye avèk Inisyativ Chofè An Premye (Drivers First) Eta New York la, ki priyorete komodite otomobilis yo pou minimize anbouteyaj nan sikilasyon an ak reta nan deplasman yo akòz travay sou pon ak wout yo.

[AAA](#) prevwa 42.3 milyon moun pral vwayaje nan wikenn Jounen Memoryal sa a, yon ogmantasyon 7 pousan an 2022. Avèk vwayaj machin poukont li, AAA prevwa yon ogmantasyon 6 pousan pa rapò ak yon ane de sa, plis pase de milyon chofè, k ap totalize 37.1 milyon moun.

Gouvènè a raple otomobilis yo pou yo aplike Lwa Mete Sou Kote (Move Over Law) eta a ki egzije chofè yo pou yo ralanti epi mete yo sou kote ak pridans pou veyikil fòs lapolis, kamyon ponpye, anbilans, kamyon remòkaj, ak veyikil konstriksyon oswa antretyen ki kanpe sou bò wout yo nan tout eta.

Espas pou kanpe pou voye tèks yo, sa gen ladan enstalasyon pou estasyonman ak pran woulib (park-and-ride) yo, espas arè pou repoze yo, zòn sèvis yo ak pakin yo ki sou otowout eta yo ap soutni efò eta a pou redui kantite moun ki distrè pandan y ap kondui yo. Tout espas pou rete pou voye tèks yo pral rete ouvri, epi ofri yon kote pou chofè yo kapab an tout sekirite epi ak tout komodite itilize telefòn yo ak lòt aparèy mobil pou fè apèl, voye tèks, navige epi aksede ak aplikasyon mobil yo. Li patikilyèman danjere pou voye mesaj tèks pandan w ap kondui, poutèt sa egzije otomobilis la pou retire je li sou wout la, lage volan an epi dekonsantre sou kondui.

Otorite Thruway (Thruway Authority) la raple otomobilis yo ke 10 zòn sèvis yo fèmen epi yo an konstriksyon nan kad [pwojè](#) investisman prive ak modènizasyon 450 milyon dola a. Sèvis kabiran yo rete ouvri nan tout lokal yo. Otomobilis yo ka wè zòn sèvis yo epi planifye arè yo sou [sit entènèt](#) Otorite Twotwa a ak sou aplikasyon [mobil gratis](#).

**Komisè Depatman Transpò a (Department of Transportation, DOT), Marie Therese Dominguez, te deklare,** "Vwayaje, sitou pandan yon wikenn fèt ki chaje, ka difisil ak estrès, kidonk li se objektif nou nan Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT) la pou rann vwayaje vin pi fasil epi an sekirite jan sa posib. Lè li sispann aktivite konstriksyon yo, Gouvènè Hochul te montre angajman li pou sekirite ak komodite ki pral pèmèt vwayajè yo rive nan destinasyon yo ak mwens pètibasyon jan sa posib. Mwen ankouraje tout otomobilis yo pou yo tache senti sekirite yo, depoze telefòn yo, epi fè atansyon - pou tout moun rive nan destinasyon respektif yo, san danje."

**Direktè Egzekitif Pwovizwa Otorite Thruway la, Frank G. Hoare, te deklare,** "Wikenn Jounen Memoryal la nòmalman se yon moman ki trè chaje sou wout la, epi sispann konstriksyon pral ede minimize anbouteyaj sikilasyon ak reta. Byenke ke travay konstriksyon an sou poz, travayè ijans ak sa yo ki travay sou bò wout yo ap toujou sou wout la pou ede vwayajè yo. Li enpòtan pou otomobilis yo rete vijilan, ralanti epi Mete yo sou Kote lè yo wè veyikil ijans yo sou bò wout la. Kondwi yon fason responsab ka sove anpil lavi."

**Komisè Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles) a ak Prezidan Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC) a, Mark J. F. Schroeder, te deklare,** "Ak tanperati ki pi cho, anpil nan nou eksite pou soti sou wout ki ouvri a pou eksplòre nouvo destinasyon vwayaj ete yo. Avèk plis machin, gen plis risk pou chofè yo pa prete tout atansyon sou wout la epi gen plis chans pou yo fè aksidan. Li enpòtan anpil pou tout moun jwe wòl pa yo pou fè pridans ak vwayajè parèy yo sou wout la pou asire tout moun rive kote yo prale an sekirite epi an sekirite."

**Sirentandan Enterimè Lapolis Eta New York la, Steven A. Nigrelli, te deklare,** "Otowout yo se youn nan anviwònman travay ki pi danjere sila yo k ap reponn a ijans ak antretyen sou wout yo rankontre. Pandan Wikenn Jounen Memoryal la, non sèlman gen anpil selebrasyon, men tou, gen plis vwayaj atravè Eta New York. Pandan

ke konstriksyon wout la pral sispann, otomobilis yo ta dwe kontinye suiv prensip wout la. Yo raple otomobilis yo pou yo kondui avèk prekosyon nan zòn travay yo, pou yo obeyi limit vitès yo afiche yo, pou yo sonje veyikil ijans ak antretyen yo epi pou yo pa kondui ak kapasite afebli. Ansanm, nou ka fè pwogrè pou selebre wikenn fèt sa a san danje."

Otorite Thruway (Thruway Authority) ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li a ki disponib pou telechaje gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk nan tan reyèl ak asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa imèl [TRANSalert](#) k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway.

Swiv Otorite Thruway sou Twitter [@NYSThruway](#) epi sou Facebook nan [New York State Thruway Authority](#).

Vwayajè yo ka verifeye [511NY](#) NYSDOT la anvan yo vwayaje, pou yo fè sa, y ap rele 5-1-1, vizite sitwèb 511 lan, oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la sou [iTunes](#) oswa [Google Play](#). Sèvis gratis la pral pèmèt itilizatè yo tcheke kondisyon wout yo, wè 2219 kamera sikilasyon epi relye a enfòmasyon ayeryen ak transpò. Kounye a aplikasyon an ofri yon mòd Kondui (Drive), ki sonnen pou avèti moun k ap kondui sou yon wout yo chwazi si gen aksidan osinon konstriksyon.

Swiv DOT Eta New York la sou Twitter [@NYSDOT](#) epi sou Facebook nan [New York State Department of Transportation](#).

Depatman Veyikil a Motè a egzòte chofè yo pou yo itilize aplikasyon [Have a Plan](#) lan pou ede jwenn yon wout sekirize pou ale lakay yo lè yo soti nan yon selebrasyon kote yo ka te bwè alkòl. Aplikasyon gratis Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a ak Fondasyon NYS STOP-DWI la te mete disponib lan pèmèt itilizatè yo deziyen yon chofè, rele yon taksi oswa woulib an komen, epi revize konsekans ki genyen lè moun kondi nan kapasite afebli. Itilizatè yo ka menm itilize aplikasyon an pou rapòte yon chofè ki sou oswa ki dwoge. Aplikasyon an disponib pou telefòn entèlijan Apple, Android, ak Windows.

Swiv DMV sou Twitter [@NYSDMV](#) epi sou Facebook nan [New York State Department of Motor Vehicles](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418